



Your Rights and Obligations Under the Tax Law (Dwa ak Obligasyon ou Daprè Lwa sou Taks la)

Yon gwo fonksyon Depatman Taksasyon ak Finans (Department of Taxation and Finance) se pou ede kontribyab yo konprann dwa ak responsablite yo. Li enpòtan anpil pou kontribyab yo konprann dwa sa yo pou sistèm taks eta ak lokal la rete efikas ak ekita pou tout moun.

Eta New York te etabli yon Taxpayers' Bill of Rights in Tax Law Article 41 (Deklarasyon Dwa Kontribyab nan Lwa sou Taks Atik 41). Pou ede kontribyab yo, Depatman Taks (Tax Department) la ofri:

- etadkont ki pa teknik ki eksplike dwa kontribyab yo ak obligasyon depatman an konsènan odit yo;
- pwosedi pou kontribyab yo konteste desizyon depatman, pou reklame ranbousman, ak pou pote plent; epi
- pwosedi depatman an ka itilize pou touche taks yon moun dwe (ki rele *pwosesis rekouvremant* an).

Ou ka jwenn plis enfòmasyon konsènan dwa ou kòm yon kontribyab sou sitwèb nou an, tankou tout piblikasyon yo nou mansyone anba la a, oswa rele nou (*Gade Èske ou bezwen èd?* nan fen piblikasyon sa a).

Piblikasyon sa a bay yon rezime sou dwa kontribyab yo dwa nan plizyè etap nan pwosesis administrasyon taks la.

Odit taks Eta New York

Nou fè odit pou verifye kantite taks kontribyab yo te peye a kòrèk. Selon Lwa Taks Eta New York, pandan odit la, ou dwe bay tout dosye ki nesèsè pou verifye enfòmasyon ou te deklare nan deklarasyon ou an. Selon kalite deklarasyon y ap fè odit pou li a, yo ka egzamine dosye, resi, depans, kredi, ak lòt dosye biznis ou.

Estanda odit pwofesyonèl

Odit yo fèt selon estanda odit pwofesyonèl, ak yon oditè Depatman Taks ki abitye avèk prensip kontablite jeneralman ak teknik odit ki akseptab yo.

Pou evite nenpòt konfli enterè, oditè a pa ka gen okenn relasyon pèsonèl avèk kontribyab la, li pa ka fanmi kontribyab la, oswa anplwaye kontribyab yo (nan ka yon odit biznis). Answit, oditè a pa ka gen okenn enterè pèsonèl oswa finansye nan yon biznis l ap fè odit pou li.

Pandan tout tan y ap fè yon odit, ou gen dwa pou yo trete ou yon fason jis, ak respè, epi pwofesyonèl. Si nenpòt ki lè pandan yon odit ou santi yo te vyole estanda sa yo oswa nenpòt nan dwa ou yo, ou dwe kontakte sipèvizè oditè a san pèdi tan.

Pou pote plent pou yon anplwaye ki te gen move kondwit, kontakte Biwo Zafè Entèn (Office of Internal Affairs) nou nan 518-451-1566, oswa ekri nan:

**NYS TAX DEPARTMENT
OFFICE OF INTERNAL AFFAIRS
W A HARRIMAN CAMPUS
ALBANY NY 12227-0811**

Si ou p ap itilize Lapòs Ameriken, gade Piblikasyon 55, *Designated Private Delivery Services* (Sèvis Livrezon Prive Deziyen).

Dwa ou pandan yon odit

Menmsi ou dwe kolabore ak oditè a, ou dwe konnen dwa ou

yo tou. Dwa sa yo fèt pou:

- pwoteje ou kont demand ki pa rezonab,
- minimize deranjman biznis ou oswa vi pèsonèl ou pandan odit la, epi
- pwoteje ou kont aksyon abitraj.

Lwa sou Delè

Jeneralman Lwa sou Taks Eta New York mete yon lwa sou delè twa (3) zan sou dwa nou pou reklame plis taks (jeneralman twa (3) zan apre ou te deklare taks ou a). Men, yon lwa sou delè sis (6) zan an aplike pou reklame plis taks lè gen yon tranzaksyon abizif pou evite peye taks, oswa, lè yon kontribyab pa mete 25% oswa plis revni yo nan deklarasyon an. Yon kontribyab ak depatman an ka dakò alekri pou pwolonje lwa sou delè an anvan li ekspire.

Men, lwa sou delè pou reklame plis taks la pa aplike pou nenpòt ki peryòd kote yon kontribyab pa depoze yon deklarasyon, pa deklare chanjman ki te fèt yo bay Sèvis Revni Entèn (Internal Revenue Service, IRS) nan yon deklarasyon taks federal (*chanjman federal*), oswa depoze yon deklarasyon ki fo oswa magouy ak entansyon pou li evite peye taks. Pou zafè revni, byen imobilye, ak taks sosyete, yon kontribyab jeneralman oblije deklare yon chanjman federal nan Eta New York nan 90 jou apre detèminasyon final chanjman, koreksyon, renegosyasyon, oswa refi a.

Pou deklarasyon modifiye yo depoze nan dat 12 avril 2018 oswa apre sa, lwa sou delè sou dwa nou pou reklame plis taks, ki asosye avèk yon chanjman oswa koreksyon ki fèt sou deklarasyon modifiye, se jeneralman yon (1) ane apre dat ou depoze deklarasyon modifiye sa a (amwenske yo te bay plis tan oswa amwenske deklarasyon modifiye a se paske te gen chanjman federal).

Pwoteksyon Vi Prive ak Konfidansyalite

Ou gen dwa pou w konnen poukisa n ap mande sèten enfòmasyon, ki jan nou pral sèvi ak enfòmasyon yo, ak konsekans ki genyen si ou pa soumèt enfòmasyon yo. Lwa sou Taks la entèdi nou pataje, ak nenpòt moun ki pa gen otorizasyon, enfòmasyon nou te jwenn nan yon deklarasyon taks oswa pandan n ap fè yon odit. Men, Lwa sou Taks la pèmèt nou pataje enfòmasyon taks ou ak IRS ak lòt ajans gouvènman, nan nòm sekrè ak respizosite ki defini.

Reprezantasyon pandan yon odit

Ou ka reprezante tèt ou, fè yon moun akonpanye ou, oswa gen yon ki moun reprezante ou pandan yon odit. Nenpòt moun ki reprezante ou dwe gen otorizasyon ekri (yon *manda*) ki apwopriye nan men ou pou aji pou ou. Gade sitwèb nou an nan www.tax.ny.gov/poa pou jwenn enfòmasyon konsènan kijan pou w depoze yon manda oswa rele nou (*gade Èske ou bezwen èd?*). Ou ka pran yon moun pou reprezante ou nenpòt ki lè pandan yon odit, oswa sispann yon reyinyon oswa yon entèvyou pou yon peryòd rezonab pou jwenn reprezantasyon.

Yo entèdi ansyen anplwaye Depatman Taksasyon ak Finans reprezante kontribyab devan depatman an pou de (2) zan ane apre yo fin kite depatman an. (Ak kèk restriksyon, ansyen anplwaye yo kapab reprezante kontribyab yo devan Divizyon Kontestasyon Taks (Division of Tax Appeals) endepandan an

pandan peryòd de (2) zan sa a.) Yo entèdi ansyen anplwaye yo pou yo pa janm reprezante kontribyab nan zafè kote yo te patisipe dirèkteman pandan yo t ap travay pou Depatman ann.

Anrejistreman odyo

Ou ka fè yon anrejistreman odyo nenpòt ki entèvyou fas-a-fas depi ou ekri nou davans pou avèti nou sa. Ou dwe fè anrejistreman an ak pwòp depans ou epi ak pwòp ekipman ou. Nou menm tou nou gen dwa pou anrejistre nenpòt ki entèvyou fas-a-fas depi nou ekri ou davans pou avèti ou sa. Depi ou mande li, n ap ba ou yon transkripsyon oswa kopi anrejistreman an, men se sèlman si ou ranbouse nou pou depans la.

Odit sou teren an

Jeneralman odit sou teren yo pwograme omwen 15 jou davans pou ba ou tan pou sanble dosye yo mande yo. Lè yo chwazi w pou yon odit sou teren, yon oditè ap kontakte ou pou pwograme yon premye randevou. Ou pral resevwa yon lèt ki konfime randevou a epi dekri liv ak dosye ou dwe bay yo. Pou yon odit biznis, pifò randevou pral fèt nan lokal biznis ou a, konsa ou p ap bezwen pase twòp tan deyò biznis ou. Si ou bezwen plis pase 15 jou pou sanble dosye ki nesese yo, jeneralman ou ka mande yon pwolongasyon pou jiska 30 jou. Pou pwolongasyon ki dire plis pase 30 jou, ou dwe fè yon demann alekri ki pwouve ou vrèman bezwen tout tan sa a.

Kòmansman konferans la

Nan premye rankont ou a (*kòmansman konferans la*), oditè a pral:

- eksplike apwòch ak pwosedi odit la,
- eksplike pwosesis odit la, ak
- dekri dwa ou pou w pwoteste ak pwosedi kontestasyon an ka ou pa ta dakò ou yon ajisteman odit.

Itilize rankont sa a pou poze nenpòt kesyon ou genyen sou dwa ak responsablite ou yo.

Metòd odit yo

Nou itilize plizyè metòd odit pou fè odit yo: Nou ka fè:

- yon odit detaye,
- yon odit ki gen yon metòd peryòd tès, oswa
- yon odit ki gen yon metòd echantiyon estatistik.

Metòd yon oditè chwazi ap depann selon plizyè varyab, tankou kalite taks, presizyon ak disponiblite dosye yo, ak gwosè ak kompleksite yon biznis.

Answit, nou ka fè odit la pi gran epi fè li tankou yon odit plizyè taks.

Si rezilta preliminè a lakòz yon gwo enpak sou yon lòt taks yo deklare, nou ka refere rezilta sa yo bay yon lòt espesyalite taks nenpòt ki lè pandan pwosesis odit la. Yo ka itilize ajisteman odit nan yon (1) espesyalite taks kòm rezon pou rekalkile taks nan yon lòt, selon enfòmasyon yo ak sikonstans ka a.

Pou taks sou lavant ak konpansasyon, nou ka estime nenpòt lòt taks ou dwe sèlman si, lè nou mande ou dosye, ou pa gen okenn dosye, oswa dosye ou bay yo pa ase pou nou detèmine taks ou dwe a.

Peryòd ak dire odit la

Yon odit jeneralman kouvri yon peryòd twa (3) zan, epi li ka pran plizyè ou oswa jiska yon (1) ane oswa plis pou li fini. Dire a depannde kompleksite deklarasyon yo ap fè odit sou li a, ak sou kijan dosye ou yo disponib, konplè, ak egzat.

Rezilta odit sou teren an

Si nou detèmine pa gen okenn chanjman ki nesese, nou pral voye yon lèt ba ou ki di nou pa pral fè okenn chanjman nan deklarasyon ou a, demann pou ranbousman ou a, oswa dokiman ou yo.

Si gen chanjman, oditè a pral prezante kopi papye travay odit yo epi eksplike rezilta odit yo, ansanm ak metòd ak pwosedi odit yo te itilize pandan odit la, nan langaj ki senp epi ki pa teknik. Rezilta yo ka genyen ladan yo:

- chanjman yo rekòmande nan fason pou kenbe dosye ou pou korije erè kontabilite nou te jwenn pandan odit la,
- yon eksplikasyon entèpretasyon apwopriye Lwa sou Taks nan domèn ki te gen erè yo,
- yon avi ak taks an plis ou dwe yo, oswa
- yon avi ki di nou dwe ou yon ranbousman.

Nou pral ba ou yon kantite tan rezonab pou egzaminen rezilta odit yo. Oditè a pral analize nenpòt lòt enfòmasyon ou soumèt, epi, si sa apwopriye, revize epi soumèt papye travay yo ankò.

Si ou dakò

Si ou dakò ak rezilta odit yo, n ap mande ou siyen pwopozisyon an, epi remèt oditè a li ak tout peman an.

Si ou dwe lajan men ou pa ka peye tout lajan an touswit, ou ka kalifye pou yon antant pou peye pa vèsman, ki pral pèmèt ou etale peman ou yo pandan yon tan (*gade Antant pou peye pa vèsman*). Men, l ap enpòtan pou ou konnen, enterè (epi petèt sanksyon) ap kontinye ogmante sou rès lajan ou poko peye a.

Si ou pa dakò

Si ou pa dakò ak rezilta odit yo, endike ou dakò sou pwopozisyon an epi remèt li bay oditè a. Ou ka mande plis konferans avèk sipèvizè oditè a, si sa nesese.

Si ou toujou pa dakò ak rezilta odit la, n ap voye yon *Notice of Deficiency (Avi Konsènan Ensifizans)* oswa *Notice of Determination (Avi Konsènan Detèminasyon)* pou taks ou dwe yo. Nan pwèn sa a, ou ka konteste fòmèlman kont rezilta odit yo swa nan Biwo Sèvis Konsilyasyon ak Medyasyon (Bureau of Conciliation and Mediation Services), oswa Divizyon Kontestasyon Taks la. Si ou deside konteste, gade nan avi a pou dènye dat ou sipoze depoze kontestasyon ou a. Ou dwe soumèt yon kontestasyon alekri menm si ou te deja ekri nou epi refize pwopozisyon an.

Pou yon deskripsyon toude metòd kontestasyon yo, gade *Dwa ou pou konteste yon aksyon*. Menmsi ou pa bezwen peye pandan w ap konteste yon *Notice of Deficiency (Avi Konsènan Ensifizans)* oswa *Notice of Determination (Avi Konsènan Detèminasyon)*, ou gen dwa peye montan ou dwe a, pou anpeche plis enterè ak nenpòt ki sanksyon ou dwe ogmante, si pita yo ta twouve ou responsab.

Ou ka peye tout taks ou dwe a, epi pita depoze yon reklamasyon pou ranbousman nan limit tan ki apwopriye pou taks ki enplike a. Si nou refize reklamasyon ou an nèt oswa an pati, ou ka chwazi pou fòmèlman konteste nan swa nan Biwo Sèvis Konsilyasyon ak Medyasyon oswa Divizyon Kontestasyon Taks la, nan peryòd lalwa pèmèt la.

Odit biwo a

Yon odit biwo se yon verifikasyon deklarasyon taks, demann pou ranbousman, oswa lòt dokiman kote se raman genyen kontak fas-a-fas ant oditè biwo a (teknisyen) ak kontribyab la. Pafwa, yon odit biwo gen ladan oswa baze sou enfòmasyon yo jwenn nan lòt sous. Epitou li ka gen yon deklarasyon nou kwè ou te dwe depoze. Nou pral fè w konnen si yon odit biwo ap fèt sèlman si nou bezwen mande plis enfòmasyon, oswa si nou detèmine ou swa dwe plis taks oswa nou dwe ou yon ranbousman.

Si nou bezwen plis enfòmasyon, n ap voye yon lèt ba ou pou mete ou okouran odit biwo a epi mande enfòmasyon ki nesèsè yo. Nou pral ba ou yon kantite tan rezonab pou reponn demann lan. Si ou reponn, nou pral evalye repons ou epi fè ou konnen rezilta nou yo.

Rezilta odit biwo yo

Si nou detèmine pa gen okenn chanjman ki nesèsè, nou pral voye yon lèt ba ou ki di nou pa pral fè okenn chanjman nan deklarasyon ou a, demann pou ranbousman ou a, oswa dokiman ou yo.

Si ou dwe plis taks, w ap resevwa yon *Statement of Proposed Audit Changes (Declarasyon Konsènan Chanjman Odit Pwopoze)* oswa yon lòt dokiman konsa ki eksplike rezon an. Nou pral ba ou yon kantite tan rezonab pou reponn. Teknisyen an pral analize repons ou an epi, si li apwopriye, fè nenpòt ajisteman montan ou dwe a. Men, si rezilta odit la montre nou dwe ou yon ranbousman, ou pral resevwa ranbousman ou a ak yon lèt eksplikasyon, amwenske ou dwe lòt taks oswa yo te refere yon dèt bay Depatman Taks la (gade *Konpansasyon*).

Si ou dakò

Si ou dakò ak rezilta odit la, nou ka mande pou w siyen *Declarasyon Konsènan Chanjman Odit Pwopoze* a oswa yon lòt dokiman konsa, epi peye montan ou dwe a.

Si ou dwe lajan me ou pa ka peye tout lajan an touswit, ou ka kalifye pou yon antant pou peye pa vèsman, ki pral pèmèt ou etale peman ou yo pandan yon tan (gade *Antant pou peye pa vèsman*). Men, enterè (epi petèt sanksyon) ap kontinye ogmante sou rès lajan ou poko peye a.

Si ou pa dakò

Si ou pa dakò ak rezilta odit la, ou dwe soumèt plis enfòmasyon pou pwouve rezo pou pa dakò a, epi retounen yon kopi deklarasyon an ban nou. Teknisyen an pral analize nenpòt lòt enfòmasyon ou soumèt epi, si sa apwopriye, ba ou detèminasyon li alekri.

Si ou toujou pa dakò ak rezilta odit la, n ap voye yon *Notice of Deficiency (Avi Konsènan Ensifizans)* oswa *Notice of Determination (Avi Konsènan Detèminasyon)* pou taks ou dwe yo. Nan pwen sa a, ou ka konteste fòmèlman kont rezilta odit yo swa nan Biwo Sèvis Konsilyasyon ak Medyasyon oswa Divizyon Kontestasyon Taks la (gade *Dwa ou pou konteste yon aksyon*), menm si ou te deja ekri nou epi refize *Declarasyon Konsènan Chanjman Odit Pwopoze*, oswa yon lòt dokiman konsa, ou te resevwa. Avi a gen dat limit ou dwe depoze kontestasyon ou a.

Menmsi ou pa bezwen peye pandan w ap konteste yon *Notice of Deficiency (Avi Konsènan Ensifizans)* oswa *Notice of Determination (Avi Konsènan Detèminasyon)*, ou gen dwa peye montan ou dwe a, pou anpeche plis enterè ak nenpòt ki sanksyon ou dwe ogmante, si pita yo ta twouve ou responsab.

Ou ka peye tout taks ou dwe a, epi pita depoze yon reklamasyon pou ranbousman nan limit tan ki apwopriye pou taks ki enplike a. Si nou refize reklamasyon ou an nèt oswa an pati, ou ka chwazi pou konteste nan swa nan Biwo Sèvis Konsilyasyon ak Medyasyon oswa na Divizyon Kontestasyon Taks la, nan peryòd lalwa pèmèt la.

Reklamasyon pou ranbousman

Ka gen ranbousman pou nenpòt ki kalite taks. Pi souvan, gen ranbousman pou taks sou revni paske yon kontribyab te peye nan twòp taks yo te kenbe oswa estime, oswa yon kredi nan taks yo ka ranbouse li, epi nòmalman kontribyab la reklame ranbousman an lè l ap depoze deklarasyon taks sou revni. Nou jenere ranbousman sa yo kòm yon pati premye pwosesis deklarasyon ou depoze a.

Aprè ou fin depoze yon reklamasyon, ou ka remake ou te bliye yon kredi, dediksyon, oswa egzanpsyon. Pou sèten kalite taks, ou dwe depoze yon deklarasyon modifiye pou reklame ranbousman an. Pou lòt kalite taks, ou dwe soumèt yon reklamasyon pou ranbousman ansanm ak dokiman ki pwouve peman taks oswa peman anplis ki gen erè a. Gade sou sitwèb nou an pou plis enfòmasyon.

Si pandan yon odit, evalyasyon, koleksyon, oswa pwosedi aplikasyon, nou dekouvri ou te peye twòp taks, nou dwe di ou a. Sepandan, nou pa oblije di ou si gen ranbousman pou yon taks ou te peye twòp, oswa bay yon kredi si, lè nou dekouvri li a, peryòd la te fèmen akòz lwa sou delè a.

Anjeneral, si nou pa bay ranbousman ou nan yon peryòd tan ki presize, nou dwe peye ou enterè. Pa egzanp, nou dwe ajoute enterè nan monta ranbousman taks sou revni pèsonèl ou a, si nou pa bay ranbousman an nan 45 jou oswa pi piti aprè dat deklarasyon ou an oswa dat ou te depoze li a, a ki rive pi ta a.

Nou ka apwouve yon reklamasyon pou ranbousman pou montan ou mande a, oswa ajiste oswa refize li. Si li apwouve, ou pral resevwa yon ranbousman, plis nenpòt ki enterè ki genyen. Si li ajiste, ou pral resevwa yon montan ki pi ba pase ou sa ou te mande a, ak yon eksplikasyon ajisteman yo. Si nou refize reklamasyon ou konplètman oswa an pati, n ap voye yon avi alekri ba ou pou eksplike nenpòt ki kontestasyon ou genyen.

Nòt: Si ou dwe lòt taks oswa yon dèt pou nou, yon lòt ajans eta, gouvènman federal la, Minispalite Vil New York, oswa yon lòt eta, nou ka peye tout oswa yon pati nan ranbousman ou a bay yo. N ap mete ou okouran *konpansasyon ranbousman* a a. Si w gen nenpòt kesyon sou yon dèt ou pa dwe nou, kontakte lòt ajans la, gouvènman federal la, Minispalite Vil New York, oswa lòt eta a dirèkteman. (Gade *Konpansasyon*.)

Si ou pa dakò avèk ajisteman oswa pa refize pou yon ranbousman, ou ka soumèt plis enfòmasyon pou pwouve pozisyon ou. Si ou te resevwa yon *Notice of Disallowance (Avi Konsènan Refi)* ki ajiste oswa refize ranbousman ou te reklame a, ou ka mande yon konferans pou konsilyasyon ak Biwo Sèvis Konsilyasyon ak Medyasyon a, oswa depoze yon petisyon pou yon odyans ak Divizyon Kontestasyon Taks la, lè ki endike nan avi a (gade *Dwa ou pou konteste yon aksyon*). Nou p ap pwolonje kantite tan ou genyen pou mande yon konferans pou konsilyasyon oswa pou depoze yon petisyon pandan n ap egzaminen nenpòt dokiman ou soumèt.

Menmsi ou ka mande yon konferans pou konsilyasyon oswa depoze yon petisyon pou yon odyans tou si sis (6) mwa gentan pase depi ou te depoze yon reklamasyon pou ranbousman alè epi ou pa t deja depoze yon petisyon pou yon enfizans taks nan revni oswa sosyete pou menm ane fiskal la, li te ka bon si ou te gade kisa nou te gen yon chans pou egzaminen tout enfòmasyon ki enpòtan yo. Pou taks sou revni ak sosyete, ou dwe depoze demann oswa petisyon an nan de (2) zan oswa pi piti aprè dat Nou te voye *Notice of Disallowance (Avi Konsènan Refi)* la pa lapòs. Lòt taks gen diferan dat limit pou mande yon konsilyasyon pou konferans oswa petisyon pou yon odyans. Pa egzanp, si nou refize yon reklamasyon pou ranbousman taks sou lavant, ou dwe depoze yon demann oswa petisyon nan 90 jou oswa pi piti aprè dat nou te refize reklamasyon an.

Gen yon lwa sou delè pou reklame ranbousman. Pou pifò taks, ou dwe depoze modifikasyon sou deklarasyon yo, oswa lòt reklamasyon pou ranbousman, nan twa (3) zan oswa pi piti aprè dat orijinal ou te dwe oswa depoze deklarasyon an, oswa nan de (2) zan oswa pi piti aprè dat ou te peye taks la, sa ki vini pi ta a.

Si ou pa te depoze yon deklarasyon, ou dwe poze reklamasyon pou ranbousman an nan de (2) zan oswa pi piti aprè dat ou te peye taks la.

Si ou depoze yon deklarasyon oswa yon reklamasyon pou ranbousman taks sou revni, sosyete, oswa lavant ki modifiye nan peryòd twa (3) zan an, ranbousman ki pèmèt la pa ka depase pòsyon taks ou te peye nan peryòd twa (3) zan touswit apre ou te depoze reklamasyon pou ranbousman an, plis peryòd nenpòt pwolongasyon nan tan ou depoze deklarasyon an. Si ou depoze deklarasyon oswa reklamasyon ki modifiye an nan peryòd de (2) zan an, ranbousman ki pèmèt la pa ka depase pòsyon taks ou te peye nan peryòd de (2) zan touswit apre reklamasyon pou ranbousman an.

Ou ka depoze yon deklarasyon taks sou taks sou revni, byen imobilye, oswa kòporasyon modifiye, oswa depoze yon reklamasyon pou ranbousman, apre peryòd yo ki mansyone anwo a si ranbousman an asosye ak yon chanjman federal oswa koreksyon ou **dwe** deklare bay Eta New York. Ou dwe depoze yon deklarasyon oswa reklamasyon pou ranbousman ki modifiye nan de (2) zan apre dat ou te sipoze bay notifikasyon sou chanjman an oswa koreksyon an te dwe fèt an.

Fòm reklamasyon pou ranbousman, deklarasyon, oswa lòt metòd ou dwe itilize a pral depannde taks w ap mande ranbousman pou li a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou delè ou genyen pou fè reklamasyon pou ranbousman ou an, ak pou jwenn fòm ki apwopriye yo, gade *Èske ou bezwen ed?*

Sanksyon ak enterè

Twa (3) pi gwo rezon moun jwenn sanksyon se :

- deklare taks anreta,
- taks ki pa peye a lè, ak
- peman taks estime ki te twò pa.

Pou mete bagay yo nan langaj ki pi senp, si ou vle evite sanksyon ak enterè, ou jis bezwen deklare taks ou epi peye montan taks kòrèk la a tan.. Si ou pa klè sou nenpòt nan responsablite taks ou yo, sèvi ak resous ki dekri nan publikasyon sa a pou jwenn plis enfòmasyon sou egzijans pou deklare taks ou.

Jeneralman montan sanksyon pou moun ki deklare taks anreta ak moun ki pa peye taks yo baze sou montan taks peman anreta a. Men, gen yon sanksyon 50 dola pou yon deklarasyon taks sou lavant ak taks itilizasyon ki obligatwa, menm si ou pa dwe taks.

Enterè ak nenpòt sanksyon ap kontinye ajoute sou montan an jiskask nou resevwa tout lajan ou dwe a. Tout enterè konpoze chak jou. Gade nan sitwèb nou an pou to enterè yo.

Dwa ou pou konteste yon aksyon

Si ou pa dakò ak yon aksyon final nou te pran, ou ka konteste. Ranpli Fòm CMS-1, *Request for Conciliation Conference* (Demann pou Konferans pou Konsilyasyon), ak Biwo Sèvis Konsiyasyon ak Medyasyon oswa ranpli Fòm TA-100, *Petition* (Petisyon), pou yon odyans kontestasyon ak Divizyon Kontestasyon Taks la. Aksyon sa yo gendwa:

- yon ensifzans oswa detèminasyon taks yo bay;
- refi pou yon reklamasyon pou ranbousman; oswa
- refi oswa revokasyon yon sètifika lisans, enskripsyon, oswa egzansyon.

Si montan w ap konteste a nan sèten limit montan lajan, ou ka chwazi pou fè odyans Divizyon Kontestasyon Taks ou a nan Inite ti Reklamasyon an (gade *Opsyon ti reklamasyon*). Pou taks byen imobilye, gade *Dwa kontestasyon pou taks byen imobilye*.

Ou pa gen okenn dwa fòmèl pou odyans pre-peman nan Biwo Sèvis Konsilyasyon ak Medyasyon la oswa Divizyon Kontestasyon Taks la si ou dwe taks, enterè, oswa sanksyon akòz:

- erè matematik oswa tape nan deklarasyon ou a
- chanjman IRS te fè nan deklarasyon federal ou a, oswa
- ou pa te peye tout oswa yon pati nan montan yo montre ou dwe nan deklarasyon ou a.

Ou **dwe** depoze demann oswa petisyon an nan yon sèten delè apre dat nou te voye avi konsènan aksyon nou pa ou pa lapòs la. Gade nan avi ou a pou delè sa yo. Se Lwa sou Taks ki te etabli delè sa yo epi nou pa ka pwolonje yo. Si w ap voye demann oswa petisyon ou a pa lapòs, nou rekòmanse ou itilize kourye **sètifye (certified)** oswa **anrejistre (registered)**. Poutèt règ sa a, dat pou deklare a se Dat Sèvis Postal Ameriken make sou anvlòp ki gen petisyon oswa demann nan, oswa dat yon sèvis livrezon prive deziyen anrejistre oswa make jan li dekri nan Internal Revenue Code section 7502 (Kòd Revni Entèn seksyon 7502). Piblikasyon 55, *Designated Private Delivery Services* (Sèvis Livrezon Prive Deziyen), gen yon lis sèvis livrezon prive ki apwouve pou rezon sa a.

Ou pa prezante pou tèt ou, oswa ou ka fè yon reprezantan otorize prezante dosye ou a pou yo ka egzaminen. Yon reprezantan otorize dwe gen yon manda ou te bay li dwa pou prezante pou ou. Gade sitwèb nou an nan www.tax.ny.gov/poa pou jwenn plis enfòmasyon sou fason ou ka depoze yon manda.

Konferans konsilyasyon

Yon konferans konsilyasyon se yon fason pi rapid ak pi bon mache pou rezoud pwoblèm nan yon odyans fòmèl. Konferans lan fèt yon fason enfòmèl ak yon medyatè ki pral egzaminen tout prèv ki prezante pou detèmine yon rezilta san paspouki. Apre konferans la, medyatè a pral voye yon rezolisyon pwopoze sou fòm yon konsantman.

- Si ou siyen konsantman an epi ou retounen li nan 15 jou oswa pi piti pou endike ou aksepte li, kontestasyon an ap fini la.
- Si ou pa retounen konsantman an nan 15 jou oswa pi piti, y ap detèmine konferans konsilyasyon an fini.
 - Lè sa a, medyatè a ap bay yon lòd konsilyasyon nan 30 jou oswa pi piti.
 - Ou pral oblije respekte sa ki nan lòd la **amwenske** ou depoze yon petisyon pou yon odyans ak Divizyon Kontestasyon Taks la (oswa nan ka taks sou byen imobilye yo, ou depoze yon *Notice of Petition (Avi pou Petisyon)* ak yon *Verified Petition (Petisyon Verifiye)* ak Tribinal Siksesyon konte ki gen jiridiksyon sou byen imobilye a) nan delè lalwa pèmèt la, jeneralman 90 jou apre nou bay lòd konsilyasyon an.

Konferans konsilyasyon yo pa disponib pou distribitè, transpòtè k ap enpòte, operatè tèminal, oswa biznis petwòl kote pwoblèm nan se yon ogmantasyon nan montan yon kosyon oswa lòt garanti. Se sèlman Divizyon Kontestasyon Taks la ki okipe pwoblèm sa yo.

Ou ka mande yon konferans konsilyasyon nan yon kont Sèvi sou Entènèt ak depatman an (gade nan sitwèb nou an epi chèche: *OLS* pou kreye yon kont si ou pa deja gen youn) oswa voye Fòm CMS-1, *Request for Conciliation Conference* (Demann pou Konferans konsilyasyon), bay Biwo Sèvis Konsilyasyon ak Medyasyon an pa faks nan 518-435-8554, oswa pa lapòs nan:

**NYS TAX DEPARTMENT
CONCILIATION & MEDIATION SERVICES
W A HARRIMAN CAMPUS
ALBANY NY 12227-0918**

Si ou p ap itilize Lapòs Ameriken, gade Piblikasyon 55, *Designated Private Delivery Services* (Sèvis Livrezon Prive Deziyen).

Odyans Kontestasyon Taks

Pou mande yon odyans Kontestasyon Taks, ou dwe depoze Fòm TA-100, *Petition (Petisyon)*, ak Divizyon Kontestasyon Taks la. Petisyon an dwe fèt alekri epi li dwe endike espesyalman ki aksyon w ap konteste.

Odyans lan se yon pwosedi advèsè devan yon jij lalwa administratif san patipri. Yon estnograf pral anrejistre odyans lan. Apre odyans la, jij lalwa administratif la pral bay yon detèminasyon ki pral deside zafè w ap konteste a **amwenske** swa ou menm oswa depatman an mande pou Tribinal Kontestasyon Taks la egzaminen desizyon an. Si sa rive, Tribinal la pral:

- Egzaminen dosye odyans la ak nenpòt lòt agiman ki te fèt alekri oswa aloral, **epi**
- bay yon desizyon ki afime, anile, oswa modifye detèminasyon jil lalwa administratif la, **oswa**
- refere zafè a bay jis lalwa administratif la ankò pou plis odyans.

Fòm TA-100, *Petition (Petisyon)*, ak *Rules of Practice and Procedure of the Tax Appeals Tribunal (Règ Pratik ak Pwosedi Tribinal Kontestasyon Taks la)* disponib sou sitwèb

Tribinal Kontestasyon ak Kontestasyon Taks la nan www.dta.ny.gov Epitou pou mande yo ou ka rele 518-266-3000, oswa ekri:

**DIVISION OF TAX APPEALS
AGENCY BUILDING 1
EMPIRE STATE PLAZA
ALBANY NY 12223**

Yon demann pou yon fòm petisyon ak règ yo **pa** konsidere kòm ou depoze yon petisyon pou yon odyans pou delè yo, epi li pa pwolonje delè pou depoze yon petisyon.

Evalyasyon tribinal

Si ou pa dakò ak desizyon Tribinal Kontestasyon Taks la, ou ka mande yon evalyasyon tribinal. Gen delè pou w fè kontestasyon pou yon evalyasyon tribinal (jeneralman, nan kat (4) mwa apre Tribinal Kontestasyon Taks la te ba ou avi sou desizyon an, ak kourye sètifye oswa sèvis pèsonèl). Pou sèten taks, ou dwe peye taks, enterè, ak sanksyon, oswa bay yon kosyon pou montan sa yo, plis depans tribinal, lè ou depoze yon kontestasyon pou evalyasyon tribinal la.

Opsyon ti reklamasyon

Si montan w ap konteste a nan limit kantite dola yo etabli nan *Règ Pratik ak Pwosedi Tribinal Kontestasyon Taks la*, ou ka chwazi pou w fè odyans ou a nan Inite ti Reklamasyon nan Divizyon Kontestasyon Taks la. Yon ajan san patipri ap dirije odyans pou ti reklamasyon an yon fason enfòmèl. Detèminasyon ajan k ap dirije odyans la ap final epi pa gen okenn lòt iinite nan Divizyon Kontestasyon Taks, Tribinal Kontestasyon Taks la, oswa okenn lòt tribinal la ki pral evalye li ankò.

Egzanpsyon pou madanm oswa mari ki inosan pa responsab

Si ou deklare taks sou revni ansanm ak yon madanm oswa mari, jeneralman nou toude responsab pou taks ak nenpòt enterè oswa sanksyon nou gen sou deklarasyon an. Sa vle di si yon mari oswa madanm pa peye taks li dwe, lòt la ka oblije peye li. Ou ka kalifye pou yon egzanpsyon pou obligasyon pou taks te ranpli ak yon madanm oswa mari si:

- nou te peye twò piti taks paske gen revni madanm oswa mari ou pa te deklare oswa li te reklame fo dediksyon oswa kredi;
- ou divòse, separe, oswa p ap viv ak madanm oswa mari ou ankò; epi

- selon tout enfòmasyon yo ak sikonstans yo, li pa t ap jis pou fè ou responsab pou taks la.

Pou jwenn plis enfòmasyon, gade:

- Piblikasyon 89, *Innocent Spouse Relief (and Separation of Liability and Equitable Relief) (Egzanpsyon pou Madanm oswa Mari ki Inosan (ak Separasyon nan Responsablite ak Egzanpsyon Ekitab)*, ak
- Fòm IT-285, *Innocent Spouse Relief (and Separation of Liability and Equitable Relief) (Egzanpsyon pou Madanm oswa Mari ki Inosan (ak Separasyon nan Responsablite ak Egzanpsyon Ekitab)*, ak enstriksyon li yo.

Dwa kontestasyon pou taks byen imobilye

Si ou vle konteste yon *Notice of Deficiency (Avi Konsènan Ensifizans)* oswa refi yon reklamasyon ou te fè pou yon ranbousman pou taks byen imobilye, ou ka ranpli Fòm CMS-1, *Request for Conciliation Conference (Demann pou Konferans Konsilyasyon)*, ak Biwo Sèvis Konsilyasyon ak Medyasyon an (gade *Dwa ou pou konteste yon aksyon*), oswa depoze yon petisyon pou kòmanse yon pwosè espesyal nan Tribinal Siksesyon an. Si ou ta vle pou yon aksyon tribinal, men ou pa chwazi depoze yon Fòm CMS-1, *Request for Conciliation Conference (Demann pou Konferans Konsilyasyon)*, oswa si ou pa dakò ak yon *Conciliation Order (Lòd Konsilyasyon)*, ou dwe depoze yon *Notice of Petition (Avi pou Petisyon)* ak yon *Verified Petition (Petisyon Verifye)* ak Tribinal Siksesyon ki gen jiridiksyon sou byen an. Petisyon an dwe fèt alekri epi li dwe endike espesyalman ki aksyon w ap konteste.

Ou dwe ranpli ak depoze petisyon an konfòmman ak Lwa aplikasyon an, avan dat ki endike nan *Notice of Deficiency (Avi Konsènan Ensifizans)*, *Notice of Disallowance (Avi Konsènan Refi)*, oswa *Conciliation Order (Lòd Konsilyasyon ou te resewva a*.

Pou jwenn fòm petisyon, kontakte Grefye Tribinal Siksesyon lokal ki gen jiridiksyon sou byen an. Yon demann pou yon fòm petisyon ak règ yo pa konsidere kòm ou depoze yon petisyon, epi li pa pwolonje delè pou depoze yon petisyon.

Si ou depoze yon *Avi pou Petisyon* ak yon *Petisyon Verifye* nan Tribinal Siksesyon an, ou dwe depoze yon kopi menm lè a ak Manm Komisyon Taksasyon ak Finans (Commissioner of Taxation and Finance). Voye bay:

**NYS TAX DEPARTMENT
OFFICE OF COUNSEL
W A HARRIMAN CAMPUS
ALBANY NY 12227-0911**

Si ou p ap itilize Lapòs Ameriken, gade Piblikasyon 55, *Designated Private Delivery Services* (Sèvis Livrezon Prive Deziyen).

Pwosesis rekouvremant an

Lè dwa ou pou fè kontestasyon yo ekspire oswa ou fin itilize yo, Divizyon Ranfòsman Sivil nou an ap kòmanse nan pwosedi pou rekouvremant yo. Anvan sa kòmanse, ou pral gen opòtinite pou peye dèt taks ou a. Nan sèten sikonstans, ou ka mande yon antant pou peye pa vèsman, ki pral pèmèt ou etale peman ou yo.

Si ou gen anpil pwoblèm finansyèl, ou ka deside soumèt yon òf an konpwomi tou. Sepandan, nou pa pral nesèsman akseptè òf la. Nou konsidere ofri kontribyab:

- ki **resamman** libere nan fayit,
- ki ensolvab (obligasyon yo depase byen yo), epi
- rekouvremant t ap bay yo **gwo difikilte ekonomik** kote moun nan pa t ap ka peye depans pou viv ki rezonab.

Anjeneral, montan yo ofri nan konpwomi an dwe rezonabman reflekte potansyèl pou gen rekouvremant. Pou jwenn plis enfòmasyon sou òf an konpwomi, gade piblikasyon 220, *Offer in Compromise Program (Pwogram Òf an Konpwomi)*.

Antant pou peye pa vèsman

Si ou pa gen mwayen pou peye tout montan obligasyon ou a yon sèl fwa, ou ka kalifye pou yon antant pou peye pa vèsman. Pou aplike, ale sou sitwèb nou an (gade *Èske ou bezwen èd?*). Nan antant sa a, ou ka peye total obligasyon taks ou a ak vèsman pa mwa. Nou ka etabli yon aranjman peman dirèk ak bank ou, kote y ap retire vèsman pou peman yo otomatikman epi bay bank tretman nou an li.

Sepandan, sa pa mete yon limit sou kantite total ou dwe. Enterè ak nenpòt sanksyon ap kontinye akimile sou nenpòt balans ki poko peye jiskaske ou fin peye obligasyon taks ou.

Pou w ka kalifye pou yon antant pou peye pa vèsman, ou ka bezwen ranpli Fòm DTF-5, *Statement of Financial Condition (Deklarasyon Konsènan Sityasyon Finansyè)*, epi bay lòt enfòmasyon ki pwouve sityasyon finansyè ou nan moman an epi ou pa ka peye tout kòb la. Answit, ou dwe deklare ak peye tout taks ou gen pi devan lè ou dwe yo. Si ou pa peye obligasyon taks ou oswa deklare yo a tan, w ap an fòfè selon kontra a. Apre nou ba ou avi sou fòfè ou a, nou ka rekòmanse aksyon rekouvremman sou obligasyon selon antant pou peman an, oswa nou ka modifiye oswa anile antant la. Nou pral aplike nenpòt peman, ranbousman, oswa lòt lajan nou dwe ou kont obligasyon taks lw ap peye an vèsman an.

Nenpòt lajan nou aplike ap diminye kondisyon ranbousman nan antant pou peye pa vèsman ou a, men w ap toujou oblije peye montan ou te dakò pou peye chak mwa a jiskaske ou fin peye tout dèt la nè. (Gade *Konpansasyon*.)

Nou ka anile yon antant pou peye pa vèsman nenpòt lè san yon preyavi si nou kwè gen pwoblèm ak rekouvremman taks la. Sinon, nou ka anile oswa modifiye yon antant pou peye pa vèsman sèlman nan omwen 30 jou anvan preyavi a, kote nou eksplike rezon an, nan sityasyon sa yo:

- si nou dekouvri enfòmasyon ou te bay anvan ou antre nan antant la pa kòrèk oswa enkonplè;
- si sityasyon finansyè ou chanje anpil;
- si ou pa peye yon vèsman oswa nenpòt lòt obligasyon taks lè ou dwe;
- si ou pa depoze deklarasyon ou gen pi devan; oswa
- si ou pa mete bay enfòmasyon ajou sou sityasyon finansyè ou lè nou mande.

Si nou anile akò a, nou ka rekòmanse aksyon rekouvremman sou obligasyon a.

Kit ou antre nan yon antant pou peye ou pa, nou ka depoze yon manda pou taks nan grefye konte ki apwopriye a ak Depatman Deta Eta New York New York State Department of State) pou garanti nou gen priyorite sou lòt kredite ou vin gen apre yo (gade *Manda pou taks*).

Si ou pa peye tout obligasyon taks ou yo oswa si ou pa respekte kondisyon yon antant pou peye pa vèsman, oswa si nou anile oswa rejte yon òf an konpwomi, nou ka itilize nenpòt oswa tout aktivite sa yo pou touche obligasyon taks ou yo.

Manda pou taks

Nou ka depoze yon manda pou taks kont ou. Yon manda pou taks se menm bagay ak yon jijman sivil kont ou. Li se yon dosye piblik nan dosye biwo grefye konte Eta New York la epi avèk Depatman Deta Eta New York. Enfòmasyon sou manda a afiche sou sit entènèt Depatman Deta a.

Yon manda pou taks yo depoze kreye yon poze-sele sou byen Imobilye ou ak byen pèsònèl ou, ki ka afekte kapasite ou pou jwenn kredi oswa achte oswa vann pwopriyete, epi ki bay nou dwa pou sezi ak vann byen imobilye ak byen pèsònèl ou, oswa sezi salè ou oswa lòt revni.

Prelèvman

Yon prelèvman se yon fason legal pou sezi pwopriyete w la. Nan pifò ka, anvan nou remèt yon prelèvman, n ap voye yon Fòm DTF-978, *Notice to Judgment Debtor or Obligor (Avi pou Jijman Moun ki Dwe Oswa Oblije Peye a)*, ki gen yon lis byen ki ka gen egzanpsyon pou yo pa pran nan aksyon rekouvremman. Pi souvan, yon prelèvman sou kont labank, epi li mande pou yon bank retire lajan nan kont ou epi voye li bay nou. Nou ka fè yon prelèvman sou lajan nenpòt moun ki dwe ou, tankou yon kredi oswa lwaye yo dwe ou. Si ou se yon kontribiyab biznis, yo ka mete yon prelèvman sou nenpòt lajan kach ou gen nan men ou, oswa byen biznis la, tankou machin oswa ekipman.

Egzekisyon revni

Yon *egzekisyon revni* se yon kalite prelèvman yo mete kont salè ou. Nou pral mande w pou w peye volontèman jiska 10% nan salè brit ou chak fwa yo peye ou. Si ou pa fè peman volontè, nou pral fè anplwayè ou retire jiska 10% otomatikman nan salè brit ou sou chèk ou epi voye li bay nou. Ekzekisyon revni an ap rete an plas jiskaske ou peye tout obligasyon taks ou dwe yo.

Sezi ak lavant

Nou ka sezi ak vann byen imobilye oswa byen pèsònèl ou ki pa gen egzanpsyon nan vant ozanchè.

Pandan y ap sezi byen yon biznis, ajan rekouvremman yo ka fè chanje seri lokal biznis ou a, pou refize ba ou aksè nan lokal biznis ou a ak byen biznis ou a. Epitou, ajan an ka retire tout machandiz yo nan biznis ou a, oswa sezi byen biznis ou yo ak estoke yo yon lòt kote jiskaske yo vann byen yo nan yon vant ozanchè.

Si nou sezi byen ou, n ap fè w konnen dat, lè, ak kote n ap fè vant ozanchè a. Nan nenpòt ki lè anvan vann ozanchè a kòmanse, nou pral lage pwopriyete a epi retounen li ba ou si ou peye tout lajan ou dwe a, oswa ou fè yon aranjman nou satisfè ak li pou peye taks, sanksyon, ak enterè ou dwe a, ansanm ak depans nou te fè lè nou t ap sezi byen an ak nan preparasyon vant ozanchè a.

Ou gen dwa mande ou vann nenpòt pwopriyete yo te sezi nan 60 jou oswa pi piti apre demann nan, oswa nan yon tan prezize ki pi lontan. Nou pral onore demann ou a, sòf si se nan pi bon enterè eta a pou kenbe byen pou plis tan, epi nan ka sa a n ap mete ou okouran.

Nou pral vann byen ou a selon Lwa ak Règ Pratik Sivil New York.

Apre nou vann byen ou yo, nou pral voye yon rapò sou debousman benefis vant ozanchè a. Si lajan an depase dèt ou ak depans nou yo, nou pral retounen rès la ba ou.

Pou retire prelèvman an

N ap retire yon prelèvman sou tout oswa yon pati nan byen ou yo, epi voye yon avi ba ou pou fè konnen nou retire li, si

- ou peye obligasyon an, oswa nou vin pa ka mete li an plas paske twòp tan te pase;
- I ap rann li pi fasil pou touche obligasyon an si nou retire prelèvman an;
- ou antre nan yon antant pou peye pa vèsman ki di prezizeman pou anile prelèvman an;
- valè byen nou sezi an sou mache a depase obligasyon taks ou, epi nou ka retire pati nan byen an san sa pa anpeche nou rekouvri obligasyon ou; oswa
- si ou se yon endividi, nou detèmine prelèvman an ap kreye yon difikilte ekonomik akòz sityasyon finansyè ou.

Si nou sezi byen ki enpòtan pou komès oswa biznis ou a, nou pral detèmine si nou ka retire prelèvman an selon rezon yo ki endike anwo a. Si nou retire prelèvman an sou byen ou a, sa pa

entèdi nou fè prelevman pi devan si sa nesese pou rekouvri obligasyon taks ou.

Si yo mete yon prelevman sou byen ou pa erè, nou ka remèt byen nou te sezi a, lajan ki egal ak valè li sou mache a, oswa kantite lajan nou te sezi a, ak enterè si sa apwopriye.

Konpansasyon

Yo ka kenbe nenpòt peman eta a dwe ou pou machandiz oswa sèvis ou te vann oswa bay nenpòt ajans lta oswa enstitisyonèl epi aplike li sou nenpòt obligasyon taks ou dwe eta a. Si nenpòt peman ou dwe ka gen kalite konpansasyon sa a, n ap voye yon preyavi ba ou alekri.

Anplis, nan sèten sikonstans, nenpòt ranbousman taks Eta New York oswa lòt peman yo dwe ou ka konpanse pou peye obligasyon taks Eta New York ou, oswa yo ka voye li bay yon lòt ajans eta, gouvènman federal la, Vil New York, oswa yon lòt eta kote ou dwe lajan oswa taks. Lòt ajans eta a, gouvènman federal la, Vil New York, oswa lòt eta a ap voye yon preyavi alekri ba ou anvan epi aplike ranbousman ou pou dèt ou a.

Si gen yon peman ou gen ki anreta pou yon dèt taks sou revni ou dwe Eta New York, Vil New York, oswa Yonkers, y ap refere li bay gouvènman federal la oswa nenpòt eta k ap patisipe nan Pwogram Konpansasyon Plizyè Eta a. Y ap mete ranbousman taks sou revni federal ou oswa ranbousman lòt eta sou dèt taks Eta New York ou a, jiska kantite ou dwe a.

Ranbousman pou mari oswa madanm ki pa gen obligasyon

Si ou deklare taks sou revni ou ansanm ak mari oswa madanm ou epi ou sipoze resevwa yon ranbousman, nou ka itilize ranbousman an pou peye dèt taks mari oswa madanm ou a oswa lòt dèt li dwe yon ajans Eta New York. Si ou pa vle yo itilize pòsyon nan ranbousman ou a pou peye dèt mari oswa madanm ou, ranpli Fòm IT-280, *Nonobligated Spouse Allocation (Alokasyon Mari oswa Madanm ki pa gen Obligasyon)*, epi fè youn nan bagay sa yo:

- mete fòm deklarasyon taks sou revni. ou **oswa**
- ranpli fòm lan nan dis (10) jou oswa pi piti apre ou resevwa avi nan men nou ki di nou pral itilize ranbousman ou a pou konpanse pou lòt dèt.

Fòm IT-280 pa pèmèt ou renonse dèt mari oswa madanm ou bay gouvènman federal la, oswa dèt taks li dwe nan yon lòt eta.

Sispansyon lisans chofè pou moun ki pa peye taks yo

Depatman Veyikil-a-motè (Department of Motor Vehicles, DMV) si ou gen peman sa yo ki anreta: obligasyon taks fiks ak final Eta New York ki omwen \$10,000.

Anvan yo sispansyon lisans chofè ou, n ap voye yon avi ba ou ki endike ou gen 60 jou pou peye tout dèt la nèt, fè aranjman pou peye nou satisfè ak li, oswa konteste sispansyon yo pwopoze a selon rezon sa yo:

- ou pa kontribyab non li sou avi a;
- ou te peye tout obligasyon taks ou;
- y ap retire sou salè ou pou peye obligasyon taks ou dwe y ap pale a, oswa pou sipò timoun ansanm ak sipò madanm/mari ak timoun mete ansanm ou dwe;
- lisans chofè ou se yon lisans komèsyal; oswa
- nou te fè yon erè lè nou te twouve ou pa te respekte aranjman pou peman yo plis pase yon fwa nan 12 mwa.

Epitou, ou ka vle etabli ou kalifye pou egzanpsyon mari oswa madanm inosan (gade Piblikasyon 89, *Innocent Spouse Relief (and Separation of Liability and Equitable Relief)* ((Egzanpsyon pou Madanm oswa Mari ki Inosan (ak Separasyon nan Responsablite ak Egzanpsyon Ekitab)), oswa yo kanpe

aplikasyon obligasyon yo paske ou te depoze yon petisyon pou fayit (rele Inite Fayit Depatman an nan 518-457-3160)

Si ou pa reponn avi a, nou pral refere dosye ou a bay DMV pou sispansyon lisans chofè ou. Anvan yo sispansyon lisans ou a, DMV ap bay yon lèt final ki endike ou gen 15 jou pou rezoud obligasyon taks ou a ak Depatman Taks la. Pou jwenn plis enfòmasyon sou kijan ou ka jwenn yon lisans chofè ki gen restriksyon sou li, ale sou sitwèb Depatman Veyikil-a-motè a nan www.dmv.ny.gov.

Evalyasyon moun ki responsab la

Pou taks tankou taks sou lavant ak taks pou itilizasyon *moun ki responsab* yon biznis kapab responsab pèsònèlman pou obligasyon taks Eta New York biznis la ki pa peye. YO ka konsidere ou yon moun ki responsab si ou se yon ofisyè, direktè, oswa anplwaye nan yon sosyete oswa sosyete ki anile, oswa anplwaye nan yon patenarya oswa antrepriz endividyèl ki te gen responsablite pou aji pou biznis la pou konfòme ak dispozisyon Lwa sou Taks yo. Pou li kapab responsab pou kenbe aks, yon moun ki responsab dwe te aji volontèman lè li pa te touche oswa peye taks la.

Faktè nou konsidere lè n ap detèmine si ou se moun ki responsab la gen ladan ou:

- patisipe aktivman nan operasyon biznis la regilyèman;
- patisipe nan desizyon sou ki obligasyon finansye pou yo peye;
- patisipe nan aktivite pèsònèl (tankou anbochaj oswa revokasyon anplwaye yo)
- gen otorite pou siyen chèk;
- prepare deklarasyon taks sou revni;
- gen otorite sou desizyon biznis la;
- se yon manadjè taks oswa manadjè jeneral; oswa
- se yon dirijan antrepriz la..

Nan sèten sikonstans, ou ka jwenn yon evalyasyon moun ki responsab menm si ou pa gen responsablite pou aji pou biznis la. Pa egzanp, pou taks sou lavant ak itilizasyon, nou ka ba ou yon evalyasyon moun ki responsab si ou se yon manm nan yon patenarya oswa antrepriz ak responsablite limite, kit ou genyen oswa ou pa genyen responsablite pou aji pou patenarya a oswa antrepriz ak responsablite limite a.

Si nou ba ou yon evalyasyon moun ki responsab, epi ou pa dakò ak li, ou jeneralman gen 90 jou pou konteste, swa lè ou mande yon konferans konsilyasyon, oswa fè petisyon pou yon odyans nan Divizyon Kontestasyon Taks la. Kontestasyon an ba ou dwa pou ale nan yon odyans pou prezante nenpòt enfòmasyon ou gen pou demanti evalyasyon an ak obligasyon ou kòm yon moun ki responsab. Nou pral mete yon eksplikasyon konplè sou dwa ou pou konteste kont yon evalyasyon ak dokiman evalyasyon orijinal ou a. Pou taks sou lavant ak itilizasyon sèlman, yo pral konsidere ou te konteste si biznis ou a mande yon konferans konsilyasyon, oswa petisyon pou yon odyans nan Kontestasyon Taks pou menm obligasyon taks la. Sepandan, si ou pa sèten si biznis la te konteste a tan, epi ou vle konteste evalyasyon an, ou dwe mande pwòp konferans konsilyasyon oswa petisyon pou yon odyans Kontestasyon Taks ou.

Yon fwa yon evalyasyon moun ki responsab final, nou ka itilize tout metòd rekouvremant ki disponib kont byen ou yo. Nou ka rekouvri nan men ou tout montan obligasyon biznis la dwe, menm si gen lòt antite oswa moun ki enplike nou te evalye menm jan an tou. Yo p ap libere obligasyon dèt taks sou moun ki responsab yo nan fayit.

Obligasyon taks byen sou egzekite ak benefisyè yo

Si ou se egzekite oswa administratè yon byen epi ou distribye byen yo bay yon benefisyè byen an, oswa ou peye nenpòt dèt

byen an dwe avan ou peye taks byen Eta New York, ou ka responsab pou peye tèks yo dwe a. Ou pral kontinye responsab jiskaske swa taks sou byen imobilye a peye nèt oswa depatman an otorize retire poze-sele sou byen an. Anplis, si ou te resevwa pwopriyete nan byen an kòm yon benefisyè, ou ka responsab pèsonèlman pou taks yo dwe sou byen an jiska valè pwopriyete ou te resevwa a. Sepandan, sa pa gen ladan pwopriyete madanm ak mari te pataje epi youn an yo mouri.

Kont fidisi

Si ou se yon biznis ki dwe taks sou lavant oswa itilizasyon oswa taks ou kenbe, ou ka bezwen etabli yon kont fidisi avèk yon enstitisyon finansye, pou depoze taks pandan ou kolekte yo nan men kliyan, oswa kenbe yo nan salè anplwaye yo. Kont fidisi a garanti taks ou dwe yo disponib lè pou peye taks sou revni yo.

Nou pral mande pou ou etabli yon kont fidisi lè pèfòmans dosye pèfòmans ou montre ou toujou anreta ak taks.

Revokasyon oswa sispannyon Sètifika Otorite oswa refi pou bay yon Sètifika Otorite

Nou ka revoke oswa sispannyon *Sètifika Otorite* ou pou pran taks sou lavant ak itilizasyon lè ou pa konfòme ou ak sèten egzijans Lwa sou Taks ak volonte ou, tankou ou pa deklare taks oswa ou pa peye taks ak volonte ou. Si *Sètifika Otorite* ou a revoke oswa sispannyon, yo pral entèdi ou patisipe nan tout biznis Eta New York ki bezwen yon *Sètifika Otorite*. Si ou eseye rete nan biznis ak yon sètifika ki revoke oswa sispannyon, oswa ou kòmanse yon nouvo biznis san yon sètifika ki obligatwa, nou ka enpoze sanksyon sivil oswa kriminel sou ou. Epi tou, nou ka refize ba ou yon *Sètifika Otorite* si ou pa te konfòme ou ak Lwa sou Taks anvan.

Si nou kòmanse demach pou revoke oswa sispannyon yon *Sètifika Otorite*, oswa nou refize bay yon *Sètifika Otorite*, nou pral mete ou okouran chak etap an pwosesis sa yo, ak dwa ou pou konteste ladan. Nou ka sispannyon pwosesis la nenpòt lè si sikonstans yo mande sa, tankou si ou satisfè obligasyon ou.

Reprezantasyon pandan yon aktivite rekouvremant

Ou ka reprezante tèt ou, oswa chwazi yon lòt moun pou reprezante ou. Nenpòt moun ki reprezante ou dwe gen otorizasyon ekri (yon *manda*) ki apwopriye nan men ou pou aji pou ou. Gade sitwèb nou an nan www.tax.ny.gov/poa pou jwenn enfòmasyon konsènan kijan pou w depoze yon manda oswa rele nou (gade *Èske ou bezwen èd?*).

Lisans ak kolateral

Si ou pa peye taks ou, nou menm oswa yon lòt ajans gouvènman ka revoke oswa sispannyon lisans ou oswa lòt sètifika pou fè biznis. Nou ka likide nenpòt kosyon oswa lòt kolateral ou te peye pou yon lisans epi nou itilize li pou dèt taks ou a. Si yo anile yon kosyon, ou dwe jwenn yon nouvo kosyon anvan w ap ka reprann aktivite biznis ki yon kosyon.

Pou rezoud yon pwoblèm oswa depoze yon plent

Si ou gen yon pwoblèm ak Depatman Taks la epi ou pa ka rezoud li nan fason nòmal yo, oswa si pou nenpòt ki rezon ou gen yon plent sou depatman an, ale sou sitwèb nou an nan www.tax.ny.gov oswa rele nou (gade *Èske ou bezwen èd?*).

Selon kalite plent ou genyen an, reprezantan nou yo ap swa ede ou rezoud pwoblèm nan oswa refere plent ou a pou yo evalye li plis.

Eske ou bezwen èd?



Ale sou sitwèb nou a nan www.tax.ny.gov

- jwenn enfòmasyon ak jere taks sou entènèt ou
- tcheke nouvo sèvis ak opsyon sou entènèt

Asistans nan telefòn

Sant Enfòmasyon Taks sou Revni	518-457-5181
Pèsonèl:	
Sant Enfòmasyon Taks Antrepriz:	518-485-6027
Sant Enfòmasyon Taks sou Lavant:	518-485-2889
Sant Enfòmasyon Taks yo Kenbe:	518-485-6654
Sant Enfòmasyon Divès Taks:	518-457-5735
Pou mande fòm ak piblikasyon:	518-457-5431
Telefòn Tèks (TTY) oswa itilizatè ekipman TDD	Konpoze 7-1-1 pou Sèvis Relè New York